



10 me 2022

Chè fanmi,

Nou kontan pou anonse w Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) pral pèmèt elèv patisipe nan bal pwomosyon (prom) ak nan tout lòt fèt ki fèt yon fwa nan fen ane a prentan sa a kèlkeswa estati vaksen an. Desizyon sa a baze sou gid Depatman Sante ak Lijyèn mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) ki di prom ak bal ki fèt yon fwa nan fen ane a pa konsène nan Òdonans Komisè Sante (Health Commissioner's Order) a ki egzije vaksen pou aktivite anplis ki pa nan kourikoulòm ki gen gwo ris.

Kounye a, DOE ap ofri tout elèv kat kit tès COVID-19 adomisil pa semèn, epi nou rekòmande anpil pou pitit ou a fè yon tès nan espas 24èdtan avan bal la oswa prom lan ak yon yon dezyèm tès senk jou apre aktivite a. Si pitit ou a gen sentom COVID-19 nan jou apre li fin patisipe nan yon dans oswa nan yon prom, tanpri ede pitit ou a fè yon tès imedyatman. Nou ankouraje anpil tou pou elèv ak estaf mete yon bon kalite mas N95 oswa KN95 nan aktivite a kòm yon kouch pwoteksyon anplis.

Anplis, nenpòt bal oswa prom pral egzije pou ranpli fòm evalyasyon sante chak jou a, ki disponib nan [healthscreening.schools.nyc](https://healthscreening.schools.nyc). Pou aktivite k ap fèt nan bilding lekòl yo, tout siveyan yo ap oblije montre prèv vaksen. Tanpri sonje tou si yon prom oswa yon bal fen ane ap fèt yon kote deyò, patisipan yo dwe swiv egzijans sante ak sekirite sou COVID-19 kote a, tankou bay prèv vaksen, si sa obligatwa.

Sonje, vaksinasyon se pi bon zouti nou genyen pou konbat COVID-19 ak pou kenbe lekòl nou yo an sekirite pou tout elèv nou yo. Timoun ki gen laj 5 ane pou pi piti elijib pou pran vaksen kont COVID-19. Si pitit ou a elijib men li poko vaksinen kont COVID-19, tanpri pran yon randevou pou l pran vaksen nan [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) oswa rele 311 pou jwenn yon lokal ki bay vaksen bò lakay ou. Vaksen an gratis pou tout Nouyòkè, kèlkeswa sityasyon imigrasyon oswa asirans yo.

Dòz ranfòsman vaksen (booster) yo disponib kounye a tou pou tout moun ki gen laj 12 ane oswa plis ki te te resevwa dezyèm dòz vaksen nan yon seri vaksen de dòz sa gen omwen senk mwa. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dòz booster yo, gade [www1.nyc.gov/site/doh/covid/covid-19vaccines.page#boost](https://www1.nyc.gov/site/doh/covid/covid-19vaccines.page#boost).

Mèsi pou kolaborasyon ou toujou bay.

Dr. Cristina Meléndez  
Direktris egzekitif  
Angajman Fanmi ak Kominote

To view a copy of this document in your language, visit [schools.nyc.gov/messagesforfamilies](https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies)

للاطلاع على نسخة مترجمة من هذه الوثيقة، يرجى زيارة الرابط <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a>	এই ডকুমেন্টের অনুবাদকৃত সংস্করণটি দেখতে, <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a> ভিজিট করুন	如要查看本文件的中文譯本，請上網到 <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a>
Pour voir une version traduite de ce document, allez sur <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a>	Pou wè yon vèsyon dokiman sa a nan lòt lang, ale nan <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a>	이 문서의 번역본은 <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a> 에 있습니다.
Перевод документа находится по адресу: <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a>	Para ver una versión traducida de este documento, visite <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a>	اس دستاویز کی ترجمہ شدہ اشاعت دیکھنے کے لیے ذیل پر جائیں <a href="https://schools.nyc.gov/messagesforfamilies">schools.nyc.gov/messagesforfamilies</a>